



Pou Piblikasyon Imedya: 20/04/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PWOGRÈ NAN PWOJÈ TRANSMISYON CENTRAL EAST ENERGY CONNECT LA

Enèjizasyon sou-estasyon Princetown nan Konte Schenectady a fè pwoje a fini nan 75%

Amelyorasyon liy transmisyon ki mezire 150 km soti nan Marcy rive nan New Scotland lan ede ranfòse rezo a kont move tan ak fè avanse objektif enèji pwòp New York yo

Gade [foto](#), [kat pwojè CEEC](#) ak yon [kat konplè nouvo investisman nan transmisyon nan tout eta a](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a pwogrè enpòtan sou pwojè transmisyon Central East Energy Connect la, ki kouvri Mohawk Valley rive nan Distri Kapital la. Amelyorasyon konplè nan liy transmisyon ant Marcy nan Konte Oneida ak New Scotland nan Konte Albany sipòte transmisyon fasil enèji pwòp atravè eta a. Kòm yon pati nan yon seri anons nan selebrasyon Semèn Latè semèn sa a, Gouvènè Hochul te rekonèt achèyman konstriksyon ak enèjizasyon yon nouvo sou-estasyon Princetown modèn nan Konte Schenectady ki fè pati pwojè Central East Energy Connect. Nouvo enfrastrikti enèji a pèmèt ogmantasyon kapasite transfè enèji, sa k ap pèmèt chemen enèji renouvlab elaji, epi amelyore fyabilite ak rezistans nan rezo elektrik eta a epi fè avanse objektif sou enèji pwòp ki dekri nan Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) eta a.

"Pandan n ap kontinye efò nou pou konbat chanjman klimatik la, amelyore sistèm transmisyon New York la te tounen youn nan priyorite ki pi enpòtan pou ranfòse sistèm kouran elektrik la ak entegre plis enèji renouvlab", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk etap enpòtan Central East Energy Connect sa a, n ap ranfòse ak amelyore rezo elektrik nou an pou ede kenbe tèt ak chanjman meteyo yo, pandan tout sa yo ap sipòte djòb nan domèn enèji pwòp ki byen peye yo."

Pwojè Central East Energy Connect (CEEC) la te kòmanse konstriksyon an fevriye 2021 pou amelyore kapasite transmisyon elektrik otou 150 km nan Mohawk Valley ak Rejyon Kapital la—ki tradisyonèlman se youn nan koridò enèji ki pi ankonbre nan eta a. Yon pwojè ke LS Power Grid New York ak Otorite Enèji New York (New York Power

Authority, NYPA) jere ansanm, CEEC pral pèmèt sikilasyon plis enèji renouvlab atravè eta a epi ede mete New York sou wout pou l atenn objektif enèji pwòp li yo ki pi enpòtan nan peyi a, sa gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab jiska 2030 ak yon sektè elektrisite zewo emisyon jiska 2040.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa Otorite Enèji New York la, Justin E. Driscoll, te deklare, "Mwen trè kontan pwogrè k ap fèt sou pwojè Central East Energy Connect la, gras a kolaborasyon ant LS Power Grid New York, Otorite Enèji New York ak yon mendèv sendikal ki djanm. Amelyorasyon nan sistèm transmisyon tankou sa a pral pèmèt nou pote plis enèji renouvlab sou rezo a, kidonk l ap diminye itilizasyon konbistib fosil yo, amelyore anviwònman an, epi fè rezo a vin pi rezistan ak fyab".

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, RuthAnne Visnauskas, te deklare "Anons jodi a kontinye angajman Gouvènè Hochul pran pou rann lojman abòdab ki dirab nan nivo anviwònman an disponib pou tout Nouyòkè yo. Inisyativ Lojman Lavni (Future Housing) 15 milyon dola a pral fasilite devlopman jiska 30 bilding pwòp, elektrifye ak abòdab pou rezidan Vil New York. Pwogram sa a, ansanm ak Inisyativ Enèji Pwòp HCR la, ki ap bay devlopè ki kapab pwodwi inite ki efikas nan enèji, ak inite elektrik nèt ki abòdab aksè senplifye nan opòtinite pou finansman lojman abòdab, ki pral asire New York kontinye ap trase wout la pou reyalizasyon yon pak lojman dekarbonize. Ansanm, pwogram sa yo pral non sèlman benefisye moun ki pral kapab rele apatman modèn, ki rezistan yo lakay yo, men yo pral pèmèt tout kominote yo jwi bon jan kalite lè amelyore nan emisyon redui nan bilding yo".

Direktè Egzekitif Jeneral LS Power Grid New York, Paul Segal, te deklare, "Enèjizasyon sou-estasyon Princetown lan se yon lòt gwo reyalizasyon pou ekip Rezo LS Power Grid New York ak Otorite Enèji New York. Nou kontinye gade pi devan pou fini pwojè Central East Energy Connect ane sa a, modènize seksyon enpòtan sa a nan sistèm elektrik Eta New York la pou ede mennen tranzisyon an nan direksyon pou enèji pwòp ki fyab".

Pwojè CEEC a pwograme pou fini nan fen ane sa a epi yo pral ranplase prèske senk fwa kapasite liy yo pou ede satisfè bezwen enèji Eta New York yo jodi a ak alavni. Pwojè 615 milyon dola a pral ranplase liy ki egziste deja ak poto an bwa yo - gen kèk ladan yo ki gen anviwon 60 ane - pa yon poto ki fèt an asye ki pi solid nan dwa pasaj sèvis piblik ki egziste deja. An total, pwojè a pral retire apeprè 1,250 estrikti transmisyon ki aje epi ranplase yo ak apeprè 700 nouvo poto. Anplis de sa, avèk anons enèjizasyon sou-estasyon Princetown jodi a, de nouvo sou-estasyon pwojè a kounye an sèvis.

Gouvènè Adjwen New York Antonio Delgado, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral New York Independent System Operator, Rich Dewey, ak lòt reprezantan enèji ak anviwòmman eta a, te gade pwojè a nan yon [evènman mwa oktòb 2022](#) pou make enèjizasyon sou-estasyon Gordon Road nan Konte Schenectady.

Rich Dewey, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Operatè Sistèm Endepandan New York la, te deklare, "Etap enpòtan NYPA ak LS Power Grid New York la se yon lòt gwo reyalizasyon nan ranfòse sistèm elektrik la ak fè avanse rezo a nan tranzisyon an. Central East Energy Connect se yon gwo egzanp travay ak angajman Eta New York nan peyi a pou modènize enfrastruktir rezo nou an epi fè fas a chanjman klimatik yo".

Sa fè pati yon pi gwo konstriksyon pwojè transmisyon atravè eta a, ki gen ladan plis pase 1,609 km investisman transmisyon planifye ki pral kreye opòtinite pou maksimize itilizasyon enèji renouvlab pou kèk pati nan eta a ki kounye a depann anpil de izin konbistib fosil yo. Anplis CEEC, NYPA ap kontinye travay sou [pwojè Pakou Entèlijans anvan Fyabilite Moses-Adirondack \(Moses-Adirondack Smart Path Reliability\)](#) li a nan North Country, epi te kòmanse konstriksyon nan fen ane pase sou pwojè [Smart Path Connect la](#), yon pwojè transmisyon NYPA ap antreprann ak National Grid. Plizyè lòt pwojè transmisyon twouve yo nan plizyè faz konstriksyon, sa gen lan [Solisyon Enèjiteik New York \(New York Energy Solution\)](#) New York Transco a ki enplike nan rekonstriksyon apeprè 87 kilomèt liy transmisyon nan Hudson Valley ak [Pwojè Liy Empire State](#) NextEra Energy Transmission New York la ki fèk fini ak enèjize apeprè 32 kilomèt liy transmisyon nan Lwès New York.

De nouvo gwo pwojè transmisyon ak enèji renouvlab, ki te chwazi pa Gouvènè Hochul an 2021 pou ede transpòte enèji pwòp nan Vil New York, yo a pwen epi y ap tann pèmasyon: [Clean Path New York](#), yon pwojè ki devlope atravè yon kolaborasyon ant NYPA ak Forward Power (yon antrepriz konjwen Invenergy ak EnergyRe) ki aktyèlman ap sibi revizyon Atik VII li a ak [Pwojè Transmisyon Champlain Hudson Power Express \(CHPE\)](#) ke Transmission Developers, Inc. devlope

Pou plis enfòmasyon sou pwojè Central East Energy Connect la, vizite [sit wèb pwojè a](#) CEEC a. Gade dènye [foto](#) konstriksyon liy lan.

Prezidan Enèji Sena Eta New York la, Kevin Parker, te deklare, "N ap avanse nan bon direksyon avèk travay Gouvènè Hochul ak tout pati yo te fè pou fè Enèji Pwòp New York la prèske fini. Gen plis enèji renouvlab nan eta NY ap benefisye jenerasyon k ap vini yo. Mwen felisite Gouvènè Hochul pou angajman li pou li abòde chanjman klimatik yo epi fè tranzisyon nan rezo enèji nou an nan direksyon youn ki vrèman pwòp, vèt ak renouvlab."

Prezidan Enèji Asanble Eta New York la, Didi Barrett, te deklare, "Ogmantasyon fyabilite nan rezo enèji nou an esansyèl pou atenn objektif CLCPA nou yo, epi modènize sistèm transmisyon nou an se yon pati enpòtan pou asire yon sikilasyon enèji pwòp san danje epi fyab atravè Eta New York. Achèvmman sou-estasyon Princetown jodi a se yon etap enpòtan nan direksyon pou fini Central East Energy Connect la. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li".

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York

Ajanda klimatik Eta New York la k ap mennen nan nasyon an fè apèl ak yon tranzisyon ki kòrèk epi ki jis ki kreye travay ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt

nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. Gide pa kèk nan inisyativ klimatik ak enèji pwòp ki pi agresif nan nasyon an, New York sou yon chemen pou l genyen yon sektè elektrisite zewo emisyon dis 2040, ki gen ladan pwodisyon enèji renouvlab 70 pousan dis 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an nan mitan syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 35 milya dola nan 120 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.8 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Investisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 165,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2021 ak yon kwasans 2,100 pousan nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè tèmik ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon yo vann nan Eta a gen zewo emisyon dis 2035. Patenarya yo ap kontinye fè avanse aksyon klimatik New York la avèk prèske 400 Kominote Entelijan pou Klima ki anrejistre ak 100 sètifye, prèske 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo kominote inisyativ siveyans lè kominote Eta a nan 10 kominote defavorize atravè eta a pou ede lite kont polisyon lè a ak konbat chanjman klimatik la.

Konsènan LS Power

LS Power Grid New York se yon konpayi LS Power ki dedye pou founi enfrastrikti transmisyon fyab ak nan bon pri pou New York. LS Power se yon konpayi devlopman, investisman ak eksplwatasyon ki konsantre sou sektè Nò Ameriken pou enfrastrikti pisans ak enèji. Depi kreyasyon li nan ane 1990, anplis devlopman 1094 kilomèt transmisyon wo vòltaj li a, LS Power te devlope, konstwi, jere oswa akteri plis pase 46,000 MW jenerasyon elektrisite, ki gen ladan pwojè estokaj enèji solè, ewolyèn, idwo-elektrik, enèji gaz natirèl ak batri nan nivo sèvis piblik yo. Anplis de sa, LS Power souvan investi nan antrepriz ki konsantre sou enèji renouvlab ak konbistib, ansanm ak platfòm resous enèjetik distribiye yo, tankou CPower Energy Management, Endurant Energy ak EVgo. Nan kad efò li yo, LS Power te ranmase plis pase 49 milya dola nan finansman dèt ak kapital pwòp pou sipòte enfrastrikti Nò Ameriken an. Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite www.LSPower.com

Enfòmasyon sou NYPA

NYPA, ki se pi gwo òganizasyon elektrik piblik eta a ki nan nasyon an, ap jere 16 etablisman ki ap jenere elektrisite ak plis pase 2,253 kilomèt sikwi liy transmisyon yo. Plis pase 80 pousan elektrisite NYPA pwodwi se enèji idwolik renouvlab ki pwòp. NYPA finanse operasyon li yo avèk revni li resevwa an gran pati atravè elektrisite yo vann ak lavant obligasyon yo. Pou w jwenn plis enfòmasyon vizite www.nypa.gov epi swiv nou sou [Twitter](#) @NYPAenergy, [Facebook](#), [Instagram](#), [Tumblr](#) ak [LinkedIn](#).

Enfòmasyon sou Central East Energy Connect

Pwojè Central East Energy Connect la pral amelyore enstalasyon transmisyon elektrik nan koridò sèvis piblik yo ki egziste ant Vil Marcy ak New Scotland. Amelyorasyon sa yo pral ede soulaje ankonbreman sou rezo elektrik New York la, sipòte enèji renouvlab,

ranplase enfrastrikti ki vye yo pou amelyore fyabilite, epi pote anpil lòt avantaj pou biznis ak rezidan yo atravè Eta New York.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418